# Nangu nga Bokk ci Gëstu gi

Ñu ngi lay làacc nga bokk ci gëstu gi. Làata ngay nangu, da ñu la war a jox ab mbind u tënk u gëstu gi. Mbind u tënk googu dafa war a am ay xibàar bu am solo ngir dimbali la nga xam lan moo tax wala war ul tax nga bëgg sa doom bokk ci gëstu gi.

Làata ngay nangu, saytukat bi war na laa wax ci mbir ci:

(i) mbebët yii, defin yii, ak diir u gëstu gi;
(ii) bepp defin boo xam ni guleet la te ñu koy jeem;
(iii) bepp ragalteef bu ñu mën a seentu, gallankoor, ak benefiis ci gëstu gi;
(iv) bepp benefiis bu ci mën a am juge ci defin bi wala ci pajin bi;
(v) naka la ñuy def ba sutura gi am ci; ak
(vi) kan la ñuy jokkool su fekkee ni da nga am ay laaj, ay ñaxtu, wala ay gaañu-gaañu.

Su ko laaje te mu war ko, saytukat bi war na la wax ci:

(i) ndax am na ay ndàmpaay wala pacum lopitaal su fekkee ni ay gaañu-gaañu am na ci;
(ii) mën ug am ay ragalteef yu ñu sóoraale wul woon:
(iii) li mën a xew te tax ba saytukat bi mën a dakkal sa bokk ci gëstu gi;
(iv) bepp yokk ub ñjëg ci yow;
(v) luy xew bu fekkee ni da nga tann dakkal so bokk ci gëstu gi;
(vi) kañ la ñu lay wax ci mbir yu ñu gis yu bees yu mën a soppi sa xel ci bokk ci.
(vii) ñaata nit ñooy bokk ci gëstu gi; ak
(viii) Naka nga ñu bëggee jox sañ-sañ ci jëfëndikoo sa xibaar u faj ngir gëstu gi.

Sa bokk ci gëstu gi ci sa coobare lay doon, te doo am dara looy ñakk wala di pert benefiis su fekkee ni da nga bañ a bokk wala nga tann dakkal sa bokk. Xaatim kayit gii dafay firndeel ni gëstu gi, ak xibaar yi nekk ci kòw, faramfacceel na ñu la ko ci ay kàddu, te yow yaa nangu ci sa coobare bokk ci. Su fekke da nga nangu bokk, da ñu la war a jox benn koppi u kayit gii ak ab mbind u tënk u gëstu gi ci kallaama Angale.

**Làacc yii?**

Su fekkee da nga am ay laaj, ay ñaxtu, ay gaañu-gaañu, wala ay fànnoo ci wall u gëstu gi, mën ngaa jokkoo ak lanketkat bi ak niméro telefoŋ bii ñu bind ci biir tënk u gëstu gi. Su fekkee ni da nga am ay laaj yu jëm ci sa aqq ak yelleef ci nekk gi nga nekk ku bokk ci gëstu gi, wala nga am ay yeneeni laaj, ay ñaxtu wala ay fànnoo yoo xam ni yaakaar nga ni mënoo ci waxtaan ak lanketkat bi, ñu ngi lay ñaan nga jokkoo ak Biro u Mbootaay u Xoolaat u Kureel bu Iniwersite bu ci niméro telefoŋ bii wala adarees u boyet u bataaxal u internet bii nekk ci tënk u gëstu gi ñu bind.

______________________________ ______________________________ ______________________________

Tur u kii Bokk | Xàatim u kii Bokk | Bés

Maa ngi feddali ni nekkoon naa fa ni tekkikat u lakk ci diir u defin bi ngir gëstu bi. Maa ngi feddali ni am naa xam-xam bi ak mënin bi ngir tekki lakk ci digante lakk u kii bokk Angale. Bi ma xaatim ée kayit gii, damay feddali ni joxe naa ab tekki bu mat sëkk ci waxtaan bi am ci digante gëstukat bi jot ndigal gi ak ki ci bokk, ci sama kemtalaay kattan.

| | | |
|---|---|---|
| ______________________________ | ______________________________ | ______________________________ |
| Tur u Tekkikat bi | Xaatim u Tekkikat bi | Bés |